# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ
25.04.2009-ж. №236/III

# ЙОД ЖЕТИСПЕЎШИЛИГИ КЕСЕЛЛИКЛЕРИНИҢ ПРОФИЛАКТИКАСЫ ҲАҚҚЫНДА

## I-БАП. УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

**1-статья. Усы Нызамның мақсети**

Усы Нызамның мақсети йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы қатнасықларды ретлестириў болып табылады.

**2-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылық**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылық усы Нызам ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылығында нәзерде тутылғанынан басқаша режелер белгиленген болса, халықаралық шәртнаманың режелери қолланылады.

**3-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**йод жетиспеўшилиги кеселликлери –** организмде йодтың жетиспеўи ақыбетинде қалқансыман без кеселликлери көринисинде болатуғын кеселликлер;

**йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы –** йод жетиспеўшилиги кеселликлерин алдын алыўға бағдарланған илажлар системасы;

**йодланған азық-аўқат өнимлери –** өндирис процессинде йод пенен байытылған азық-аўқат өнимлери;

**йодланған дуз –** өндирис процессинде йод пенен байытылған ас дузы.

## II-БАП. ЙОД ЖЕТИСПЕЎШИЛИГИ КЕСЕЛЛИКЛЕРИНИҢ ПРОФИЛАКТИКАСЫ САЛАСЫНЫҢ МӘМЛЕКЕТ ТӘРЕПИНЕН МУЎАПЫҚЛАСТЫРЫЛЫЎЫ

**4-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы мәмлекетлик сиясат**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлери саласындағы мәмлекетлик сиясат йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң келип шығыўының алдын алыўға бағдарланған болып, төмендегилер арқалы әмелге асырылады:

йод жетиспеўшилиги researchесселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылықты жетилистириў;

тутыныў базарын йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери менен байытыўға бағдарланған экономикалық, ҳуқықый ҳәм шөлкемлестириўшилик илажларды әмелге асырыў;

йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлериниң сапасы ҳәм қәўипсизлиги, оларды сақлаў шараятлары үстинен мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асырыў;

йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы саласындағы илимий изертлеўлерди мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў;

балаларды ҳәм туўыў жасындағы ҳаял-қызларды қурамында йод болған препаратлар менен профилактикалық тәмийинлеў илажларын әмелге асырыў;

йодланған дуз, йодланған азық-аўқат өнимлери ҳәм йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳәмде оларды емлеў ушын пайдаланылатуғын дәрилер ҳәм препаратларды ислеп шығарыўды мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў;

йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери, дәрилерди ислеп шығарыў саласында кадрларды таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестириў;

йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасына байланыслы илажлардың нәтийжелилигиниң мониторинги;

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласында есапқа алыўдың мәлимлеме-таллаў ҳәм статистикалық системаларын жетилистириў;

юридикалық ҳәм физикалық шахслардың, соның ишинде сырт еллик юридикалық ҳәм физикалық шахслардың қаржыларын йод жетиспеўшилиги кеселликлери машқалаларына, усы кеселликлердиң профилактикасы ҳәм емлеў усылларына тартыў;

йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы саласындағы халықаралық бирге ислесиўди раўажландырыў.

**5-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы саласындағы мәмлекетлик басқарыў**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы саласындағы мәмлекетлик басқарыўды Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги, Қарақалпақстан стандартластырыў ҳәм метрология басқармасы, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары әмелге асырады.

Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы мәмлекетлик басқарыў:

профилактикалық ҳәм санитариялық-эпидемиологиялық илажларды өткериўди, йод жетиспеўшилиги кеселликлерине диагноз қойыў ҳәм оларды емлеўди шөлкемлестириўди;

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳәм оларды емлеў ушын дәрилер ҳәм препаратларды, йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин стандартластырыў ҳәм сертификатластырыўды;

дуз ҳәм азық-аўқат өнимлерин йодлаўды мәмлекет тәрепинен нормаластырыўды;

мәмлекетлик басқарыў уйымларының, сондай-ақ юридикалық ҳәм физикалық шахслардың йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы жумысын муўапықластырып барыўды;

йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм олардың айланысы үстинен қадағалаўды өз ишине алады.

**6-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси:

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы мәмлекетлик бағдарламалардың ислеп шығылыўы, тастыйықланыўы ҳәм әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

мәмлекетлик басқарыў уйымларының йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы мәселелерине байланыслы жумысына басшылықты әмелге асырады;

нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

**7-статья. Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги:

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылық талапларының орынланыўы үстинен мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асырады;

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы мәмлекетлик бағдарламаларды әмелге асырады;

дузды ҳәм азық-аўқат өнимлерин йодлаў бойынша санитариялық-эпидемиологиялық талапларды белгилейди;

йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлериниң сапасы, ислеп шығарылыўы, сақланыўы, алып кирилиўи ҳәм сатылыўы мониторингин алып барады;

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласында қәнигелерди таярлаў ҳәм қайта таярлаўды шөлкемлестиреди;

халықтың арасында йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы бойынша түсиндириў жумысларын алып барады;

нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

**8-статья. Қарақалпақстан стандартластырыў ҳәм метрология басқармасының йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан стандартластырыў, метрология ҳәм сертификатластырыў басқармасы:

йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм қайта ислеўге байланыслы мәмлекетлик стандартларды тастыйықлайды;

йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў ҳәм қайта ислеўде хожалық жүргизиўши субъектлер тәрепинен стандартлардың мәжбүрий талапларына бойсынылыўы үстинен мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асырады;

нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

**9-статья. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы саласындағы ўәкилликлери**

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары:

йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы саласындағы аймақлық бағдарламалардың ислеп шығылыўын, тастыйықланыўын ҳәм әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

тийисли мәмлекетлик уйымлардың халықты йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеў барысындағы жумысын муўапықластырып барады;

йодланған дуз, йодланған азық-аўқат өнимлериниң сапасы ҳәм қәўипсизлиги, оларды сақлаў шараятлары үстинен өз ўәкилликлери шеклеринде мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асырады;

нызамшылыққа муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

## III–БАП. ЙОД ЖЕТИСПЕЎШИЛИГИ КЕСЕЛЛИКЛЕРИНИҢ ПРОФИЛАКТИКАСЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ ИЛАЖЛАР

**10-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасының түрлери**

Адам организминиң йодқа болған зәрүрли талабын тәмийинлеў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы аймағында йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң ғалаба ҳәм жеке тәртиптеги профилактикасы әмелге асырылады.

**11-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң ғалаба профилактикасы**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң ғалаба профилактикасы азық-аўқатқа йодланған дуз пайдаланыў ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин пайдаланыў арқалы әмелге асырылады.

Йодланған дузды пайдаланыў медициналық жақтан ямаса басқа тәрептен дурыс келмейтуғын шахслар ушын йодланбаған дуз алыў имканияты Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленген тәртипте тәмийинленеди.

**12-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң жеке тәртиптеги профилактикасы**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң жеке тәртиптеги профилактикасы профилактикалық ҳәм санитариялық-эпидемиологиялық илажлар, медициналық көриклерден өткериў, диагноз қойыў ҳәм емлеў арқалы әмелге асырылады.

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң жеке тәртиптеги профилактикасын тәмийинлеў мақсетинде профилактикалық ҳәм санитариялық-эпидемиологиялық илажлар, медициналық көриктен өткериў, йод жетиспеўшилиги кеселликлерине диагноз қойыў ҳәм оларды емлеў тәртибин ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды.

**13-статья. Халықты йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы мәселелерине байланыслы мәлимлеме менен тәмийинлеў**

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары халыққа йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң келип шығыўы ҳәм тарқалыўы факторлары, бундай кеселликлердиң профилактикасына байланыслы илажлар ҳаққында исенимли ҳәм өз ўақтында мәлимлеме берилиўин тәмийинлейди.

**14-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасына байланыслы илажларды қаржыландырыў**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасына байланыслы илажларды қаржыландырыў бюджет қаржылары, бюджеттен тысқары қаржылар ҳәм нызамшылық пенен қадаған етилмеген басқа да дереклер есабынан әмелге асырылады.

## IV–БАП. ЙОДЛАНҒАН ДУЗҒА ҲӘМ ЙОДЛАНҒАН АЗЫҚ-АЎҚАТ ӨНИМЛЕРИНЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ТАЛАПЛАР

**15-статья. Дуз ҳәм азық-аўқат өнимлерин йодлаў**

Қарақалпақстан Республикасында ислеп шығарылатуғын ҳәм сатылатуғын ас дузы әлбетте йодланыўы тийис, усы Нызамда нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди.

Азық-аўқат өнимлерин йодлаў Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен белгиленетуғын тәртипте әмелге асырылады.

**16-статья. Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлериниң сапасы ҳәм қәўипсизлигине байланыслы талаплар**

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери мәмлекетлик стандартлар, қағыйдалар ҳәм нормалар талапларына муўапық болыўы тийис.

Дуз ҳәм азық-аўқат өнимлерин йодлаў ушын Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен белгиленетуғын, қурамында йод болған препаратлардан пайдаланылады.

Дуз ҳәм азық-аўқат өнимлерин йодлаў, йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлериниң сапасы ҳәм қәўипсизлиги, оларды сақлаў шараятлары устинен мәмлекетлик қадағалаў нызамшылыққа муўапық әмелге асырылады.

**17-статья. Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин ислеп шығарыў**

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық аўқат өнимлерин ислеп шығарыў мәмлекетлик стандартлар, қағыйдалар ҳәм нормалар талапларына муўапық юридикалық шахслар тәрепинен әмелге асырылады.

Белгиленген жарамлылық мүддети өткен йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери утилизация етилиўи, санаат жолы менен қайта исleниўи ямаса қайта йодланыўы тийис.

**18-статья. Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин сертификатластырыў**

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық аўқат өнимлерин сертификатластырыў нызамшылыққа муўапық әмелге асырылады.

**19-статья. Йодланған дуз ҳәм йодланған азық аўқат өнимлерин қадақлаў, ораў ҳәм тамғалаў**

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери қадақланған, оралған ҳәм тамғаланған ҳалда ислеп шығарылыўы керек.

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин қадақлаў, ораў ҳәм тамғалаўға байланыслы нызамшылықта азық-аўқат өнимлерин қадақлаў, ораў ҳәм тамғалаў бойынша нәзерде тутылған режелер қолланылады.

**20-статья. Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин сатыў**

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин сатыўшы юридикалық ҳәм физикалық шахслар оларды тасыў, сақлаў ҳәм сатыўды нызамшылықта белгиленген режелер ҳәм нормаларға бойсынған ҳалда әмелге асырыўы шәрт.

Муўапықлық сертификаты болмаған ҳәм жарамлылық мүддети өткен йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин реализация етиў қадаған етиледи.

**21-статья. Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлерин алып кириў шәртлери**

Йодланған дуз ҳәм йодланған азық-аўқат өнимлери Өзбекстан Республикасы аймағына тек ғана оралған тәризде ҳәм нызамшылықта белгиленген басқа да талапларға бойсынылған ҳалда алып кирилиўи мүмкин.

## V–БАП. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

**22-статья. Тартысларды шешиў**

Йод жетиспеўшилиги researched кеселликлери профилактикасы саласындағы тартыслар нызамшылықта белгиленген тәртипте шешиледи.

**23-статья. Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылықты бузғанлығы ушын жуўапкерлик**

Йод жетиспеўшилиги кеселликлериниң профилактикасы ҳаққындағы нызамшылықты бузғанлықта айыплы болған шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.